O`zbekstan Respublikasi xaliq ta`limi wa`zirlligi

A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mlekelik pedagogikaliq instituti

Muzikaliq ta`lim kafedrasi

**Milliy qosiqshiliq, baqsi-jiraw tiykarlari pa`ninen**

**LEKTsIYaLAR TOPLAMI**

4-kurs

Lektor` Muzikaliq ta`lim kafedrasi
Ass. B Qalmenov

No`kis 2012 j.

**MAZMUNI**

**LEKTsIYa**

| | | |
|---|---|---|
| Berdax baqsi mektebi | | |
| Qiz baqsi Qanigul, Qarajan baqsi | | |
| Terme - Jigitke, Esbolmas. | | |
| Ormambet biy tolg`awi, Jan`la qobiz. | | |
| Tolg`aw- Shashgenemdi besten tallap. | | |
| Ay ne bolar ku`nnen son`. | | |
| Nurabilla joli, Turimbet joli. | | |
| Aytuwar, Erman namasi. | | |
| Ulli ziban, Kishi ziban. | | |
| Miyan ko`l. | | |
| Sherbeyit, Qobizim. | | |

# BAQSILAR

**Berdaq baqsi (shayir), (1827-1900).** XIX-a`sirde jasag`an. Qaraqalpaq shayirlarinin` darlig`i derlik sa`zende bolg`an. Shayirlardin` ko`pshiligi o`zlerinin` qosiqlarin duwtarg`a qosip aytiw arqali ko`pshilik arasinda taratqan. Sonliqtan da shayirlardi «baqsi» dep atag`an.

Alim Q. Ayimbetov «Berdaq tek g`ana shayirliq o`nerge iye bolip qalmastan, qosiqshi ha`m baqsi bolg`an… Ol da`stanlar aytqan, o`z shig`armalarin duwtarg`a qosip aytiw arqali «Berdaq baqsi» degen ataqqa iye bolg`an»-dep jazadi. Berdaqtin` baqsi bolg`anin «Tari» qosig`i menen qizi hu`rlimang`a, hu`rlimannin` balasi Qarajan baqsig`a miyras bolip qaldirg`anin duwtari menen da`lilleydi.

Berdaqtin` baqsi bolg`anin onin` zamanlaslari da eske tu`siredi. O`tesh shayir «Men bir so`z aytayin Berdaqti maqtap, kimge sin tag`asan`, duwtar qushaqlap»-dep baslag`an, qosiq atarinda Berdaqtin` baqsi bolg`anin da`lilleydi.

«Ashiq Na`jep», «Go`rug`li»nin` «Qirmanda`li», «Ba`zirgen» bo`limleri, «Da`wletyarbek» da`stanlarin Berdaq u`lgisi dep ilimpazlar ta`repinen tastiyiqlang`an. Bul ko`plegen da`stanlardi qaraqalpaqshalag`an, milliylestirilgen, qarqalpaqsha u`lgisin do`retken.

Berdaqtin` Aximbet baqsig`a, Muwsa baqsig`a olardin` baqsishilig`ina, olarg`a u`lken baha bergen. Olardi maqtap qosiqlar do`retken, ko`pshilik baqsilar haqqinda qosiqlar jazg`an.

Berdaq qizi Hu`rlimandi «Qiz baqsi» atag`in aliwina u`lken miynet sin`irgen, sha`kirt etip kamalg`a keltirgen. Aralli o`zbek baqsilari, tu`rkmen baqsilari menen de jaqin qatnasta bolg`an. «Ashiq Na`jep» da`stani qaraqalpaqsha versiyani` Ashiq-Aydin atli ustazdan Albent, Nawriz, Genjemurat, O`zbek sha`kirtleri haqqinda bulardin` !lbent degenin menmensip ustazdan biyjuwap o`z aldina baqsi etkenin Qarabax eline, Abilxan patshi jurtina barip yr sha`kirt aldirip baqsishiliq etkenin. Ba`ha`rden degen jesir qating`a u`ylengen, Na`jep degen balali bolg`anin, ol Na`jepti qasina ertip baqsi boliwin qa`leytug`inin, aytqanda oni urip jiberedi. Qapalang`an Na`jep ol jerden ketip ashiq Ayding`a barip sha`kirt boladi, jaqsi bolip jetilisedi.

Genjeqarabaraq eline barip xannin` otirispasinda !lbentti so`zden, sazdan jen`edi. !lbent xan sarayinan quwiladi, du`rre jep xan baqsisi degen ataqtan ayriladi. Na`jjep yr sha`kirtke ustaz bolip u`lken baqsi da`rejesine jetedi. Ol xannin` Minayim degen qizina ashiq boladi. !lbent buni xang`a jetkeredi, g`a`zeplengen xan Na`jepti o`ltirmekshi boladi.

Na`jepti Aximbetke, Mu`sinbiyke degen baxadir jigitler darg`a asayin degende bosatip aladi. Oni xannin` qizi Minayim menen qosip muradi maqsetine jetkeredi.

Da`stan do`retpesin ko`termeley, iskusstvasindag`i jalg`anliqti sinnan etiw, jeke adamnin` erkinligin qorg`aw, baqsishiliqti, ustazliq ha`m sha`kirtligi so`z etiledi.

**Qiz baqsi hu`rliman (1861-1906)`** Dinshiler ta`repinen qansha quwdalansa da qaraqalpaq hayali ishinen qiz baqsi hu`rlimannin`, Qa`lligu`ldin` (1900-=1928) shayir Sapura qizlar shiqqan.

Qaraqalpaq a`debiyatinin` klassigi Berdaq shayirdin` ul-qizlarinin` ishinen hu`rliman qiz baqsi degen ataqqa iye boladi. hu`rliman a`kesi Berdaqtin` qosiqlarin, da`stanlarin, «Bu`lbu`l-bildi» aytadi. Mu`yten uriwli, Telli tiyresinen Qabil degen jigitke qizi hu`rlimandi uzatadi. hu`rliman qiir-jil, Qarajan degen ul tuwadi. qw jasinan duwtar shertiwdi u`yrenedi, dayisi Berdaqtin` o`nerin u`yretedi.

hu`rilman balasi Qarajandi qasina ertip, el aralap, qosiq aytip, baqsishiliq etedi. Qarajan janapayg`a shertedi. qiey-jili Berdaq ta`repinen soqtirilg`an duwtari, qizi hu`rlimang`a, hu`rlimannan Qarajang`a miyras bolip qaladi.

Qaraqum iyshan Qabilg`a «Qatinin`di tiy» dep aqiret beredi. Berdaq Qaraqum iyshang`a narazi ekenin aytadi, xaliq su`ygen shayirg`a qarsi boliwg`a a`zirlik etedi. Berdaq` «Menin` jaqsi ko`rgen qizim, to`sekte kesel bolip jatqannan, jaqti du`n`yani ko`rip, deni saw ju`rgeni jaqsi»,-deydi. hu`rilmang`a baqsishiliq ete beriwine ruwxsat etedi. hu`rliman «Qiz baqsi» degen u`lken ataqqa iye boladi. «Ashiq Na`jep», «Go`rug`li», «Qirmanda`li», «G`a`rip ashiq», «Sayatxan Xamra» da`stanlarin aytadi.

hu`rliman o`zinin` balasi Qarajandi bes-alti jasinan baslap duwtar shertiwge u`yretip, ataqli baqsi da`rejesine jetkeredi. Qarajan baqsi qaraqalpaq xalqinin` ataqli baqsisi bolip jetilisedi. hu`rlimannin` toliq repertuarin yadlap Berdaq baqsi mektebin dawam ettiriwsh bolip jetilisedi.

**Qarajan baqsi. (1884-1966).** Qarajan baqsi Qabil uli ataqli Berdaq shayirdin` aqlig`i, qiz baqsi hu`rlimannin` balasi. Aral ten`izinin` tu`sli a`tirapinda tuwilip o`sip kamalg`a keldi.

Qarajan baqsi duwtar namalarin jaqsi shertedi, onin` sha`kirti Aytjan baqsi Xojalepesov shertken ha`m notag`a tu`sirilgen duwtar namalari qaraqalpaqlardin` eski zamanlardag`i saz o`nerinin` en` jaqsilari bolip esaplanad.

Qarajan baqsi Berdaqtin` jasag`an zamanalarindag`i xaliq namalarin jaqsi shertken. Ol «Oyg`ana», «Gu`lzar», «Qizminayim» namalarin shertkende baqsilardin` shertkeninen ayrilip turg`an o`zgeshelikke iye bolg`an. Ol «Go`lug`li» da`staninin` tu`rli shaqaplarin su`yip aytqan. Anasi hu`rlimannin` qosiq repertuarlarin yadlap alg`an, ataqli baqsinin` radioda azi-kem zapisleri bar. A`sirese «Ba`zirgen» bo`limin ju`da` jaqsi bilgen ha`m su`yip aytqan.

Ol eski zamanlardan aytilip kiyatirg`an baqsi namalari, bizin` zamanimizg`a alip kelip, notag`a jazdirip ha`zirgi ma`deniyatimizdin` o`siwinde u`lken ja`rdem etti.

Qarajan baqsi belgili sa`zende, Aytjan Xojalepesovqa ustazliq etedi, onin` ku`shli sa`zende bolip jetisiwine Qarajan baqsinin` xizmetleri og`ada ulli boldi.

**Aytjan baqsi (1908-1954)** Aytjan baqsi Xojalepesov qo0i-jili Taxtako`pir rayoninin` «Sho`gir ko`l» degen jerinde qusshi-diyxan shan`arag`inda tuwiladi. Qitay tiyresi, Kepesheriwshi uriwinan. Qarajan baqsig`a sha`kirt bolg`an, da`stanlar, namalar.yu saz u`yrenip jaqsi sa`zende boladi.

qoeo-jildan o`mirinin` aqirina deyin ko`rkem-o`nerimizdin` rawajlaniwina xizmet etedi. Xaliq namalarin notag`a jazdirdi. «Qaraqalpaqstang`a xizmet ko`rsetken artist» degen hu`rmetli ataqqa iye boldi. Teatrda, radiokomitete issledi, namalari radioda, zapiste bar.

**Japaq baqsi (1893-1977).** Japaq baqsi (Jabbarbergenov) Shamuratov Nazarxan awilinda tuwiladi. Xaliq arasinda dan`qi jayilg`an ataqli baqsilardin` biri, aralla o`zbeklerden boladi. Besto`be, Shilpiq dep atalatug`in jerde, Nazarxa awilinda kamalg`a keledi. I-jasinda awilinda toyda Su`yew baqsini tin`laydi. qoqq-jildan baslap qurbi-qurdaslarinin` arasinda qosiq ayta baslaydi. Jasullilar og`an sha`kirt boliwdi ken`es etedi. 1913-1914-jillari el aralap baqsishiliq etedi. Su`yew baqsinin` namalarin tin`lap, u`yrenip alip repertuarin ken`eytedi. qowe-jili Japaq baqsi degen ataq pu`tkil Qaraqalpaqstang`a taraydi. qoee-jili Qarqalpaqstannin` paytaxti To`rtku`lge kelip, radiokomitetke kirip qosiq aytadi. Ma`mleketlik teatrg`a kirip uzaq jillar xizmet atqaradi. Teatrda p`essalarg`a, xaliq muzikasin u`ylestiriwde Japaq baqsinin` qosqan u`lesi og`ada u`lken.

Japaq baqsi tek Su`yewdin` namalarin g`ana emes, o`zinin` buring`i ataqli qaraqalpaq baqsilarinin` namalarin jaqsi bilgenligi arqali, bizin` ha`zirgi muzika ma`deniyatimizg`a ko`p u`les qosti. Nota jaziw o`nerinde u`yrenip aldi. 1935-jili Moskvada grampalstinkalarg`a jazildi.

Japaq baqsi 1936-jili Qaraqalpaq ma`mleketlik teatrina muzikant ha`m qosiqshi bolip jumisqa ornalasadi. Kompazitor D Tumanyan menen birlikte S. Majitovtin` «Bag`dagu`l», M. Da`ribaevtin` «Ko`klen batir» p`esalarina namalar jazadi. A. Begimovtin` «Qorliqten azat» p`esasina xaliq namalari tiykarinda namalar jazadi.

J Shamuratov 1941jili du`zilgen Qaraqalpaqstan kompazitorlar awqaminin` birinshi basshisi boladi. J Shamuratov ataqli baqsi boliw menen bir qatar, belgili kompazitor da`rejesine eristi. Ol ko`plegen qosiqlardin` avtori boliw menen birge, bir qansha p`esalarg`a muzikalar jazdi, 200 den aslam yoshli qosiqlar «Bag`dagu`l», «Qorliqtan azat», «Leytanant Elmuratov», «Su`ymegenge su`ykenbe», «Aygu`l Abat», «Berdaq» p`esalarina namalar do`retti. Respublikamizdin` muzika ma`deniyatin ko`teriwge salmaqli u`les qosti.

qor0-jili «%zbekstan xaliq artisti», «Berdaq» atindag`i respublikaliq siyliqtin` lawreati degen hu`rmetli ataqlar aldi, orden ha`m medallar «hu`rmet jarliq»lari menen siyliqlandi. Onin` isin ma`n`gilik etip qaldiriw maqsetinde No`kistegi ma`mleketlik ko`rkem-o`ner uchilishesi, mektepler, ko`sheler onin` ati menen ataldi. Ol haqqinda ilimiy jumislar, ko`rkem-o`ner shig`armalar ja`riyalanip atir. Ol xaliq ishinen shiqqan birinshi kompazitor, melodist esaplanip, ruspublikamizdin` muzika ma`deniyatin rawajlandiriwda qosqan u`lesi og`ada u`lken.

**Esjan baqsi (1901-1954).** Esjan baqsi Qospolatov uli qaraqalpaqlardin` Kepesheriwshi uriwinan bolip «Ko`k o`zek» degen ma`ka`nda tuwiladi. !kei otirispalarda qosiq aytatug`in adam bolg`an. Esjan baqsi inisi Toqpolat penen ekewi jaslay Shimbaydin` qublasinda Axun jap, :sen jap boylarinda ekewi dawis qosip otirispalarda qosiq aytqan.

Esjan u`lkeyip, baqsi boliwdi a`rman etip, Muwsa baqsinin` sha`kirti Shernazarg`a, keyin Muwsanin` tag`i bir sha`kirti Artiq abqsig`a eredi. (qioe-qoee).

Esjan ustazi Shernazar (1882-1937) Qitaydin` Qazayaqli uriwinan boladi. Esjan da`slep qr-jasinda seyitnazar qissaxannan «Yusup Axmed» da`stanin u`yrenedi. «Sanawbar» qissasin yadlap aytip ju`rgen qa`nigu`l degen qiz benen tanisadi. Ekewi awilda ju`rip baqsishiliq etedi. Esjan baqsi republikaliq radio-komitette xizmet atqaradi. Radio arqali Muwsa baqsi namalarin atqaradi ha`m notag`a jazdirip, radiog`a zapiske tu`sedi. Esjan baqsi Qospolatov qaraqalpaq xalqinin` su`yikli baqsisi bolip jetisti.

Ol «@a`rip ashiq», «Sayatxan Xamra», «Yusup Axmed» ha`m «Go`rug`li» da`stanlarinin` ko`plegen shaqaplarin jaqsi aytqan baqsilardan biri boldi.

Xaliq ishinde Muwsa baqsinin` jolin dawam ettiriwshi aatqli baqsi boldi. Esjan baqsi Qospolatovqa «Qaraqalpaqstan xaliq artisti», «%zbekstan xaliq artisti» degen hu`rmetli ataqlari berildi. No`kistegi balalar muzika mektebi onin` ati menen ataladi.

**Qiz baqsi Qa`nigu`l (1900-1928)**. Qaraqalpaqlardin` Beksiyiq uriwinin` jarli qizi Qa`nigu`l atasinan jetim qaldi. Jaslayinan awillardag`i, qissaxanlardag`i «Sa`nawbar» tin`lap u`yrenip aladi. Oni yadlap alip qissaxanlar jolina, namasina salip ko`pshilikke aytip beretug`in boladi. Qa`nigu`ldin` jaqsi dawisqa iye ekenligin onin` talabin hu`rmetlep Esjan baqsi Qa`nigu`l menen ushirasip, oni o`z qa`wenerligine, og`an qa`wenderlik qiladi, da`stanlar u`yretedi.

Ol waqitlar el biylegen uriw aqsaqallari Qa`nigu`ldin` qosiq aytiwina, baqsishiliq etiwine tiyim saliwg`a uriniwlarin Qa`nigu`l qulaq aspaydi, baqsishilig`in dawam ete beredi.

Qa`nigu`l o`zinin` hosh hawazi menen azg`ana waqit ishinde «Qiz baqsi» degen ataqqa iye boldi ha`m xaliqqa taniladi. Esjan baqsi menen toy-tamashalardi atqarg`anda, Esjan baqsi duwtarin shertken, Qa`nigu`l qosig`in aytqan, ekewi el aralap baqsishiliq etken.

bulardin` bul o`nerine tamashago`yler jaqsi qiziqqan, (da`stanlardi da`sme-da`s aytisqan). Awilg`a «Qiz baqsi» keldi degende etsitkenler baqsig`a baransha asiqqan.

Esjan baqsi y-jil dawaminda soqir qiz baqsi Qa`nigu`l menen birge baqsishiliq etedi. Biraq qowi-jili Qa`nigu`l qaytis boladi. Qiz baqsi Qa`nigu`l azg`ana o`mirinin` ishinde ko`pshiliktin` na`zerine o`zinin` hosh hawazi menen tu`sken baqsi qizlarimizdin` birinen boladi.

**Amet baqsi (1923-1987)** Amet baqsi Tariyx uli Qaraqalpaqlardin` son`g`i waqitlardag`i en` ataqli baqsilardin` biri boldi.

Ol «Iyshan qala» degen ma`ka`nda tuwiladi. Quyin uriwinan boladi. 1945-1948-jillari Qurbaniyaz baqsinin` izine erip sha`kirt bolip, onin` o`nerin u`yrenedi. Onin` repertuarinda Maqtumqulinin` so`zleri menen «Sayatxan Xamra», «G`a`rip ashiq», «Yusup Axmed», «Qirbanda`li» da`stanlari su`yip atqaratug`in da`stanlari boldi.

Amet baqsi Tariyxovqa xaliq aldindag`i miynetlerin bahalap «Qaarqaplaqstan xalqina xizmet ko`rsetken artist» hu`rmetli atag`i berildi.

Onin` atqariwinda ko`plegen qosiq ha`m da`stanlardan u`zindiler, da`stanlar magnit lentasina jazip alindi. Amet baqsi u`yrengen repertuarlarin qayta islep tin`lawshilarg`a tu`sinikli etip oni jetilistirip aytiwg`a ha`reket etken, xaliq su`ygen baqsilardin` biri boldi.

Amet baqsi Tariyxovtin` atqariwinda Qarqalpaqstan radiosinin` altin fondinda magint lentasi bir qansha xaliq qosiqlari ha`m da`stanlardan u`zindiler jazip alindi.

N. Dawqaraev atindag`i tariyx, til ha`m a`debiyati institutinin` do`retiwshilik sektor xizmetkerleri ta`repinen ko`plegen qosiq ha`m da`stanlari jazip alindi.

Belgili qaraqalpaq xalqinin` baqsisi da`rejesine jetisken Amet baqsi xalqimizdin`, toy-merekelerin, tuwisqan qon`silas o`zbek, tu`rkmen awillarinda da shag`lap qosiq aytqan. Olardi da su`yikli baqsi da`rejesine jetisti. Toy-merekelerinde xizmetler etip, alg`isina miyasar boldi.

Amet baqsi Tariyxov ko`plegen sha`kirtler tayarladi. Olardan` %tep To`reshov, @aybulla Ubaydullaev, Qayipnazar Reymov, Pirniyaz %tegenov qusag`an talantli baqsilardi sha`kirt etip ta`rbiyalap shig`ardi.

Sha`kirtlerinin` ko`pshiligi o`zi menen birge xalqimizg`a baqsishiliq o`neri menen taniladi ha`m xizmet etedi. Amet baqsi Tariyxov uzaq jillar dawaminda Qaraqalpaq ma`mleketlik filarmoniyasinda ha`m Qaraqalpaqstan ma`mleketlik televidenie ha`m radio komiteti janindag`i «Muxalles» duwtarshilar ansamblinde xizmet etti.

Amet baqsi atqarg`an qosiqlar radio tolqininda, efir arqali tez-tezden berilip turadi, xalqimiz Amet baqsi atqarg`an qosiqlardi su`ysinip tin`laydi.

**Genjebay Tilewmuratov (1929-1998).** Genjebay baqsi Tilewmuratov 1929-jili Qon`irat rayoninda tuwiladi. !kesi Tilewmurat baqsi Qaraqalpaq xalqiniq belgili baqsisi bolg`an adam. Genjebay baqsi jaslayinan-aq a`kesinen duwtar shertiwdi, qosiq aytiwdi u`yrenedi. Ko`p jil`lar izine erip toy-merekelerge barip qosiqlarin tin`lap da`stanlardi o`z a`kesi Tiylewmurat baqsidan u`yrenedi. No`kis ma`leketlik pedinstitutinda oqiwg`a kirip, studentlik jillarinda baqsi Eshan Qospolatovqa sha`kirt bolip eredi. Ustazi Eshan baqsidan ko`p namalardi, da`stanlardi u`yrenip, repertuar qosip bayitadi. Eshan baqsinin` sha`kirtlerinin` ishinde en` ag`lasi, so`zge de, sazg`a da sheber Genjebay bolip, ustazi Eshan baqsinin` alg`isina miyasar boladi. Kem-kemnen Eshan baqsi Genjebayg`a bo`ten sha`kirtlerin u`yretip, namalardi shertip ko`rsetip, qa`telerin du`zetip turiwdi tapsiradi., ha`m sha`kirtlerine Genjebaydan u`yreniwin talap etip turaditug`in boldi.

Studentlik jillarinda-aq tez-tezden radio arqali efirden Genjebay qosiqlar ayta baslap, kimsen` baqsi Tilewmuratov bolip, xaliqqa o`zinin` ba`lent lapizin, namani taza, jaqsi, sazdi duwtardi da sheber shertiw menen ko`pshiliktin` ko`zine tu`sip, alg`isqa miyasar bola baslaydi.

Pedinstituti pitkergennen keyin, ma`mleketlik teatrda, son`inan mug`allim bolip jumislar isleydi. N. Da`wqaraev atindag`i tariyx til ha`m a`debiyati instituti janinan ashilg`an ko`rkem-o`ner sektorinan ilimiy xizmetker etip jumisqa

shaqiriladi ha`m sonnan baslap o`mirinin` aqirina shekem Qaraqalpaqstan muzika ma`deniyatin rawajlandiriwg`a belsene xizmet etedi.

Talantli baqsi Genjebay Tilewmuratov usi ko`rkem-o`ner sektorinda islep ju`rgen da`wirinde Qarqaapaqstannin` derlik ha`mme awil ha`m qalalarin aralap el ishindegi baqsi-jiraw qissaxanlardin` atqariwindag`i qosiq ha`m sazlardin`, da`stanlardi magnit lentasina jazip aliwda u`lken miynet etken, miyrasimizdi son`g`i da`wirge jertkeriwde xizmet qilg`an belgili ma`deniyat xizmetkeri bolip taniladi.

Og`an «Qaraqalpaqstang`a miyneti sin`gen xizmetker» hu`rmetli atag`i, sonday-aq Qaraqalpaqstan xaliq baqsisi hu`rmetli atag`i, Berdaq atindag`i ma`mleketlik siyliqtin` lawreati ataqlari berildi ha`m siyliqlandi.

Respublikasimizdin` belgili «Muxalles» duwtarshilar ansamblinin` birinshi sho`lkemlestiriwshi ha`m muzika basshisi bolip islep kelgen, ko`plegen sha`kirtler tayarlag`an, belgili baqsi ha`m ustaz.

Qaraqalpaqstan Respublikasinin` Tashkent qalasinda o`tkerilgen 1957-1964-1987-jillari ha`m tuwisqan, Tataristan, Bashqurtishtan, Dag`istan, Azerbayjan, Tu`rkmenistan, Qazaqastan, sonday-aq Moskvada o`tkerilgen ha`r qiyli saltanatli keshelerde, ma`deniyat ku`nlerindegi Genjebay baqsi Tilewmuratov baqsi sipatinda jeke qosiqlar aytip qatnasti. Baqsishiliq o`nerin tuwisqan xaliqlarg`a taratiwdi, qaraqalpaq xaliq namalari menen tanistiriwda salmaqli u`les qosti.

Qaraqalpaq xalqinin` su`yikli baqsisi bolip ken` ju`rtshilig`imizda ianilg`an baqsi, bir neshe xaliq namalarin Qaraqalpaqstan radiosinda, altin fondina magnit lentasina jazilip qaldirildi, televideniege zapiske tu`sirildi.

Talantli baqsi, ustaz, bir qansha sha`kirtler tayarlap shig`ardi, o`mirinin` aqirina shekem sahnada qosiqlar aytip, jaslarg`a baqsishiliq o`nerin jaliqpay u`yretti.

No`kis ma`mleketli ko`rkem-o`ner uchilishesinde «Fol`klor» bo`liminde mug`allim bolip islep te, ko`plegen jaslarg`a baqsishiliq o`nerin u`yretip, baqsilar tayarlap shig`ariwg`a salmaqli u`lesin qosti. «Qaraqalpaqstan xaliq baqsisi» hu`rmetli ataqqa iye bolg`an ha`zirgi ku`nde xalqimizg`a ken`nen belgili bolg`an baqsi, Turg`anbay Qurbanovti sha`kirt etip u`lken da`rejege jetkeriwge baqsi Genjebay ag`a Tilewmuratovtin` miynetleri og`ada ulli. Sonday-aq ko`plegen talantli jas baqsilarimizdin` birazi o`zlerin Genjebay Tilewmuratovtin` sha`kirtimiz dep ta`n aladi.

TEMA: **Baqsı da’stanları**

Lektsiya jobası.

a`. Qaraqalpaq baqsıları aytatug’ın da’stanlar

g`. Baqsı da’stanlarının’ tuwısqan xalıqlar baqsılarının’ da’stanları menen baylanısı.

A’debiyatlar:

a`. Qabıl Maxsetov. “Da’stanlar, jırawlar, baqsılar”. a`99g` jıl

g`. Qallı Ayımbetov “ Xalıq danalıg’ı”. a`9hh jıl.

q. Qabıl Maxsetov “ Jırawlar, baqsılar” a`9hg` jıl

n`. Qabıl Maxsetov “ Qaraqalpaq xalıq awızeki do’retpeleri”

o`. A’. Alimov “ Qaraqalpaq liro epikalıq da’stanları” a`9hq jıl

# Baqsı da’stanları

Qaraqalpaq tek o’zlerine ta’n bolg’an “Qırıq qız”, “ Ma’spatsha” , “ Sha’riyar” t.b. da’stanlar menen bir qatarda ko’pshilik tu’rk xalıqlarında ushırasatug’ın “Alpamıs”, “Qoblan”, “Edige”, “Shora” t.b. sog’an usag’an da’stanlardın’ milliy original versiyalarına iye.

Qaraqalpaqlar arasında qon’ısı o’zzbek, tu’rkmen, qazaq t.b. xalıqlardın’ ma’deniy baylanısı na’tiyjesinde “Go’rug’lı” da’stanının’ bir neshe shaqapshaları “Ba’zirgen”, “Qırma’nda’li”, “ A’wezxan”, “ Xamra” “Hurliqa-xamra”, “ Ashıq Na’jep”, “Gu’l Sana’wbar”, “ Qız Jibek”, “ Qaraqbek”, t.b. da’stanlar taralg’an.

Qaraqalpaq baqsı jırawları , qıssaxanları, shayırları bul da’stanlardın’-da g`00-q00 jıl dawamında o’z aldına Qaraqalpaq versiyasın payda etken.

Bul da’stanlardın’ qaraqalpaq versiyasında ulıwma syujet birligi saqlang’anı menen, olardın’ ko’rkem tili, a’sirese muzikalıq atqarılıwı manerası ulken milliy o’zgeshelikler menen beriledi.

Usınday da’stanlar qatarına Xorezm Oazis xalıqları arasına ken’ tarqalg’an “Yusup-Axmet” da’stanının’ q00 jıl dawamında qaraqalpaqlar arasında aytılıp onın’ Milliy eposına aynalıp ketkenin aytıwg’a boladı.

Xorezmde payda bolg’an bul Epos o’zbeklergede, qaraqalpaqlarg’a-da, turkmenlerge-de ortaq epos bolıwı menen birge ha’r xalıq bul da’standı o’zinin’ til o’zgesheligi menen, muzikalıq ha’m atqarıwshılıqları menen eskertiw kerek.

Qaraqalpaq baqsılarının’ barlıg’ı derlik “Yusup-Axmet” da’stanın aytqan. Bul da’standa aytılatug’ın geypara qosıqlar qaraqalpaq xalıq qosıqlarına aylanıp ketken. Ha’zirde ko’pshilik ta’repinen kundelikli atqarılıp kelinedi.

Qaraqalpaq a’debiyattanıw iliminin’ tiykarın salıwshı Na’jim Dawqaraev tuwısqan xalıqlardın’ ta’siri menen qaraqalpaqlar arasında tarakg’an da’stanlar tuwralı og’ada baxalı pikirler aytqan. Ol XVII a’sirden baslap aldı menen Turkistan, Sayram, Sıg’naq qalalarının’ a’tirapındag’I, onnan keyin Xorezmnin’ burıng’ı otırıqshı menen baylanıslı bolıwı qaraqalpaqlardın’ ma’deniy turmısına u’lken o’zgerisler kirgizdi, dep jazadı.

N.Dawqaraev shıg’armalarının’ tolıq jıynag’ı g`-tom. a`9ww. 9a`.bet.

Bul waqlarda -dep dawamlaydı pikirin N.Dawqaraev Qaraqalpaq arasına Tashkent, Samarqand, Qabul, Buxara-da basılıp shıqqan kitaplar tarala baslaydı. Bulardın’ ishinde “Yusup-Axmet” , “G’arip-ashıq”, “ Sayatxan-Xamra”, “Xurliqa-Xamra”, “Go’rug’lı”, “Yusup-Zlixa”, qasag’an da’stanlar menen bir qatar Nawayı, Fizuli, Marshab, Maqtumqulı qusag’an shayırlardın’ shıg’armalarında tarala baslaydı. Qoldan ko’shirilgen taratılg’an.

Bir qatarları qayta islenip qaraqalpaqshalastırılg'an
Bul waqlarda qaraqalpaq aawız-a'debiyatında o'zbek, turkman, ta'jik a'debiyatı til, stil ha'm jan'a gu'rin'ler menen bayıttı-dep ko'rsetedi. N.Dawqaraev

Musa baqsının' sha'kirtleri: Eshjan, Juman, Qarajan, Patilla, Aymurza, Sapar, Tınıbay ha'm basqalar taza qaraqalpaq tiline, qaraqalpaq namalarına ha'm qaraqalpaq tiline awdarılg'an "G'arip ahıq", "Ba'zirgen", "Yusup Axmet", "Sayatxan Xamra" usag'an ashıqlıq da'stanların aytadı.

Bul da'stanlardın' barlıg'ı da qaraqalpaq xalqının' arasına XVIII a'sirden keyin , a'sirese XIX- a'sirdin' ishinda tu'rkmenller Xorezm o'zbekleri arqalı baspa tu'rinde yamasa qol jazzba tu'rinde tarag'an. Bul da'stanlardın' bir qatarları ma'selen "G'arip ashıq", "Shaxsa'nem", " Sayatxan Xamra", "Go'rug'lı", XIX a'sirdin' ishinde qaraqalpaq tilinde bir qansha o'zgertilip ta'rjima etilgeni belgili. Sonımenen qatar baqsılar bul da'stanlardı burıng'ı qol jasbasında emes, qaraqalpaq xalqının' jag'dayına ılayıqlılap o'zinshe o'zgertip alıp taslap ta, aytqanı ma'lim. Bul da'stanlardın' ko'pshiligin baqsılar qaraqalpaqlardın' arasında XIX a'sirdin' ishinde uzaq jasag'an tu'rkmenin' ataqlı baqsısı Suyeu-den ha'm Xorezmli o'zbek Eshbay baqsıdan u'yrengen solardın' stili menen aytadı, dep jazadı ilim izertleushi alımlarımız ha'm tastıyqlaydı.

Xorezm Oazisinde burınnan aralasıp atırg'an o'zbek, qaraqalpaqlardın', tu'rkmen, qazaqlardın' ha'r qaysısının' o'z aldına original a'debiyatı ha'm iskusstvosı bolıwına qaramastan birewine ekinshisinin', ekinshisine u'shinshisinin' u'shinshisine to'rtinshisinin', solay etip bir-birewine eshqanday ta'rjiymasız a'debiyat shıg'armaları menen iskusstvo do'retpeleri ha'm qonımlı edi.

Nawayı, Maqtumqulı, Abay, Berdaq ha'mmesine birdey tu'sinikli ha'm jag'ımlı bolg'anday o'zbek baqsısı ha'm tu'rkmen baqsısı qaraqalpaq penen qazaqqa qaraqalpaq jırawı menen qazaq jırawshısı o'zbek penen tu'rkmenge qalay bolsa solay unaytug'ın bolg'an. O'zbektin' toyında qazaq jırshısı qaraqalpaqtın' toyında tu'rkmen baqsısı yamasa kerisinshe bir –birrwinin' toyına jıraw baqsıları mira't etilip olar bir-birinin' toyın da'stan, terme aytıp saz shertip xalıqqa xızmet etip sawatug'ın bolg'an.

XIX a'sirde o'zbek baqsısı Eshbay, qaraqalpaq baqsısı Musa, tu'rkmen baqsısı Suyeu, qazaq jırshısı Qarasay, qaraqalpaq jırshısı Nurabulla usınday adamlar bolg'an. Al olardın' neshe sha'kirtleri ustazlarının' da'stu'rlerin usı ku'nge shekem dawam etip keledi. Solay etip Oazistegi tuwısqan a'zelden irgeles xalıqlardın' shayırları, jırawlar, sazendeleri ulıwma so'z iyeleri /sheberleri/ bir birinen u'yrengen. Bir-birin ustaz ha'm sha'kirt dep bilgen. Biri ekinshisinen alg'an birin biri bayıtqan. Qallı Ayımbetov o'zinin' "xalıq danalıg'ı" atlı kitabının' baqsılar bo'liminde " baqsılıq qaraqalpaqlarg'a orta aziya xalıqlarınan kirgen, qaraqalpaq baqsılıqtı Xorezmdegi o'zbeklerden, tu'rkmenlerden u'yrengen. Burınan kiyatırg'an jırawshılıq o'nerdin' u'stine baqsılıq o'neri qosılıp qaraqalpaqlardın' ko'rkem o'neri bayıg'an, jırlaytug'ın

repertuarları ken’ilgen dep jazadı. /Q.Aymbetov “ Xalıq danalıg’ı” qq-stan baspası No’kis a`9u`h jıl a`n`0 bet./

Onın’ pikirinshe qraqalpaq xalqı eski xorexm ma’deniyatın ha’r ta’repleme u’yrenip onnan paydalang’an. Na’tiyjede “G’arip ashıq”, “Yusup Axmet”, “Go’rug’lı” sıyaqlı da’stanlar qaraqalpaq baqsılarının’ negizgi repertuarı bolıp qalg’an.

Baqsılar kirispe termelerinde ko’binshe tu’rkmen xalqının’ klassigi Maqtumqulının’ na’siyat, aqıl so’zlerinen baslaydı,. Burınnan kiyatırg’an baqsılardın’ da’stu’ri boyınsha Maqtumqulının’ so’zin ayta bilmegen baqsı baqsı esaplanbag’an.

“Yusup Axmet” da’staanının’ o’zbbekshe, qaraqalpaqsha, tu’rkmenshe, qazaqsha, ta’jikshe, uyg’ırsha versiyaları bar. Bulardın’ ha’mmesinin’ tiykarın Xorezmshe o’zbek dialektinde versiya quraydı ha’m usı tiykarda basqa xalıqlarda taralıp onın’ bir neshe tildegi versiyaları payda bolg’an.

Bul da’stan XVI a’sirlerden baslap Xorezmde payda bolıp XX a’sirge shekem bir neshe qol jazbaları u’lgileri menen qatar onı Orta aziya xalıqlarının’ ko’pshilik jırshıları awızsha aytqan ha’m olardın’ repertuarlarınan “Yusup Axmet” da’stanı tiykarg’ı orındı iyeleydi.

V.M. Jirmunskiy ha’m Zarifov ko’rsetiwinshe a`hh9-a`9a`0 jıllar arasında “Yusup Axmet” da’stanı litografiyalıq usılda Kazanda, Tashkentte, Samarqandta, Qoqandta bir neshe ret basılg’an.

Xorezm qol jazbası boyınsha Vamteri ta’repinen “ Yusup Axmet” da’stanının’ a`hu`h jılı Nemis tiline u’zindisiz awdarılıp basıldı.

Al a`9a`a` jılı Budapeshtte Vamteri “Yusup Axmet” da’stanının’ o’zbekshe tolıq tekstin nemisshe awdarmasın kiris so’z ha’m tu’siniw so’zleri menen bastırıp shıg’aradı./ V.M.Jirmunskiy, X.T Zarifov uzbekskiy nar. geroich.epos. Moskva GIXLyu a`9n`w a`a`g` bet./

Vamteri “Yusup Axmet” da’stanın Xorezm da’stanı dep onın’ do’regen da’wirin XVI-XVII a’sirlerge jatqaradı. a`9hg`-jılı Almma-atada jazıwshı baspasında uyg’ır tilinde “Yusup Axmet” ha’m “G’arip ashıq” ha’m “Sa’nem” da’stanları Batır Ermiydenitin’ tayarlawında alg’ı so’z ha’m tu’sinik so’zler menen basılıp shıqttı. /Da’stanları G’arip ha’m Sa’nem Yusup ha’m Ziliyxa . Jazıwshı nashiruyatı Almata a`9hg` jıl

O’zbekistan ilimler akademiyasının’ Qaraqalpaqstan bo’limi kitapxanasının’ qoljazbalar fondında “Yusup Axmet” da’stanının’ revolyutsyadan burın basılg’an ha’m qoljazbalar kuyinde saqlanatug’ın bir neshe u’lgiler bar. “Yusup Axmat” da’stanın qaraqalpaq baqsılarının’ barlıg’ı derlik aytqan ha’r bir millet versiyası ulıwma sol syujetke qurılg’anı menen mazmunı ha’m forma til ha’m stil jag’ınan u’lkenn o’zgeshelikleri menen beriledi..

ESKERTIW; Baqsı namaları, duwtarda shertip ha’m magnit plastinkasınan baqsılardın’ atqarıwında esitriledi.

## . TEMA: **Qaraqalpaq baqsılarının’ atqarıwında “Go’rug’lı” da’stanının’ “Qırmanda’li” bo’limi**

Lektsiya jobası:

a`. “Go’rug’lı” da’stanının’ payda bolıwı
g`. “Go’rug’lı” da’stanının’ qaraqalpaqlar arasında taralıwı
q. “Go’rug’lı” da’stanının’ “Qırmanda’li” boliminin’ qaraqalpaqsha versiyası
n`. “Qırmanda’li” bo’liminin’ qaraqalpaq baqsıları ta’repinen atqarılıwı, o’zgeshelikleri ha’m xalıq namaları menen aytılıwı.

4 saat

A’debiyatlar:
a`. Q.Maqsetov “Baqsılar , jırawlar, da’stanlar”
g`. “Go’rug’lı” da’stanı “Qırmanda’li” bo’limi
q. Oqıw a’debiyatı IX-kl. Q. Mambetov, R.Usnatdinova.
n`. A.Xalimov. Qaraqalpaq xalıq qosıqları.

“Go’rug’lı” da’stanı Shıg’ıs xalıqları arasında ken’nen taralg’an ha’m ha’r xalıq o’zinshe variyantlarına iye bolg’an, mazmunı ha’m ko’rkemligi jag’ınan bahalı xalıq do’retpelerinin’ birinen sanaladı.

“Go’rug’lı”nın’ shaqaplarınan “Qurmanda’li” “Ba’zirgen” “Awzxan” qaraqalpaq baqsılarının’ su’yip aytatug’ın da’stanları. Ol qaraqalpaqlar arasında awızsha ken’nen taralg’an, sonın’ menen birge onın’ geypara bo’limleri Kazan, Tashkent baspaları arqalı revolyutsiyadan burında xalıq arasına jayılg’anı belgili.

Onı sawatlı adamlar, baqsılar, qıssaxanlar g’ana paydalang’an.

“Go’rug’lı” da’stanı qaraqalpaqlar arasında XVIII- a’sirde taralg’an dep ilimpazlar tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaqlardın’ Xorezm oazisine birotala ornalasıwı qon’ıslas tu’rkmen ha’m o’zbekler menen o’z ara ekonomikalıq ha’m ma’deniy qatnastın’ biraz ku’sheyiwi “Go’rug’lı” nın’ qaraqalpaqsha versiyasının’ payda bolıp ha’m qa’liplesiwine u’lken ta’sir etken.

Bul na’rse usı da’wirde o’zbek , tu’rkmen, qaraqalpaq baqsılarının’ bir-birinen u’yreniwi, qarım-qatnas a’dewir da’rejede ko’teriliwi menen belgilenedi.

Xalıqtın’ su’ygen poeziyası qon’ısılas xalıqlardın’ ju’reginen orın alıp, olardın’ tuwısqan poeziyasına, da’stanına, qosıg’ına aynaladı.
Xaqıyqat xalıqlıq poeziya tek sol xalıqtın’ mu’lki bolıp g’ana qalmastan, al qon’ıslas qarım-qatnasta jasap atırg’an xalıqlardın’-da poeziyasına aynalatug’ının “Go’rug’lı” da’stanının’ mısalında ayqın ko’riwge boladı.

“Go’rug’lı” da’stanının’ versiyaları Azerbayjan, o’zbek, tu’rkmen, qazaq, ta’jik, tu’rk t.b. xalıqlarda bar.

Da’stanın’ azerbayjan, o’zbek, tu’rkmen vesiyaları bir neshe ret baspadan shıqqan, geyparaları rus tiline awdarılg’an.

Tuwısqan xalıqlarının’ ha’r qaysısının’ versiyalarının’ qanshama ayırmashılıqları bolg’anınday, bir-birine sonshama jaqınları da bar.

Biz bunnan olardın’ shıg’ıs ha’m taralıw jag’ınan teren’inen baylanısı bar ekenligin bilemiz.

Da’stanın’ payda da’reklerin Azerbayjan ilimpazları XVII a’sirde jasag’an Armyan tariyxshısı Arakel Tabrizskiydin’ tariyxıy materiallarına su’yenip a`u`a`0-a`u`q0 jıllardag’ı Iran, Tu’rk basıp alıwshılarına ha’m jergilikli feodallarg’a qarsı diyxanlar ha’reketinin’ basshıları Safar ko’se, Gazır ug’lı, Mustafa-bek penen birge Go’rug’lının’da bolg’anlıg’ın anıqlaydı.

“Go’rug’lı” nın’ payda bolıwın XVI a’sirdin’ aqırı XVII a’sirdin’ bası dep belgilenedi.

“Go’rug’lı” nın’ payda bolıwı birinshi watanı-Azerbayjan ekenligi da’stanın’ ko’plegen versiyalarında seziledi ha’m mazmunı arqalı ko’rinedi. Ko’p g’ana ilimpazlar “Go’rug’lı” da’stanının’ Azerbaujan-nan taralg’anlıg’ın da’lilledi

Qaraqalpaqlarg’a da’stan tu’rkmenlerden, o’zbek baqsılarının’ xalıq arasına taratıwınan o’tken, da’stan sol xalıqtın’ ko’rkem o’nerinin’ o’zine ta’n o’zgesheliklerin boyına sin’irgen xalda mazmunı ha’m forma jag’ınan sol xalıqtın’ original do’retpe da’rejesine aynalatug’ını belgili.

“Go’rug’lı” da’stanı qashannan qaraqalpaq xalqının’ su’yikli da’stanına aynalg’an onın’ adamgershlikti, batırlıqtı, tapqırlıqtı, xaqıyqat muxabattı, doslıqtı, sulıwlıqtı ko’terin’kilik penen so’z etetug’ın idealları xalıqtın’ ju’regine jaqın ha’m tuwısqan bolıp ornag’an.

“Go’rug’lı” mazmun ha’m forma jag’ınan teren’ xalıqlıq, ko’rkem da’stanlardın’ biri.

Onın’ qon’ısılas ko’plegen xalıqlarg’a tez tarap ketiwi ha’m baqsıları ta’repinen su’yip aytılıwı usınan bolıwı kerek.

“Go’rug’lı” da’stanının’ qaraqalpaqlar arasına ken’nen taralıwına XVIII-XIX a’sirlerdegi xalıq azatlıq gu’reslerinde ta’siri bolg’an.

Ullı shayır ha’m baqsı Berdaq o’zinin’ “Ernazar biy” poemasında xalıq azatlıq gu’resin baslag’an Ernazar ala ko’zdi Go’rug’lı menen salıstıradı.

“Go’rug’lı” bektey er edi
Qatarda qosa nar edi
Tolı jurtqa da’rkar edi

Sheyt o'ldi Ernazar biy

"Go'rug'lı" da'stanının' qaraqalpaq versiyasın payda bolıwına bilgili o'zbek baqsısı Eshbay, tu'rkmen baqsısı Su'yeu-din' qaraqalpaq baqsılarına u'lken ta'siri bolg'an.

Sebebi olar qaraqalpaqlar arasında "Go'rug'lı"nı jırlaw menen birge qaraqalpaq basshılar menende tvorchestvalıq qatnasta bolg'an, baylanıs jasag'an, toy merekelerdi birge sawısqan, sha'kirtler de tayarlag'an.

"Go'rug'lı" nın' da'stanının' qaraqalpaq versiyasının' do'reliwine qaraqalpaq baqsılarınan Axımbettin', Musanın', Arzının', Edenbay, Dosnazar, son'ın ala Bayniyaz, Shernazar, Eshjan ha'm Jappaq baqsılardın' sonday-aq qıssaxanlardan Qa'wender, Qazıma'wlik, (Ma'wlik qızı) t.b. u'lken tvorchestvalıq u'lesi bar.

Qaraqalpaq baqsıları o'zbek, tu'rkmen baqsıları menen tvorchestvalıq baylanısta bolıp xalıq namaların do'retiwde u'lken tabıslarg'a erisken.

Mısalg'a: Tu'rkmen baqsısı Su'yeu menen qaraqalpaq baqsısı Musanın' arasındag'ı en' jaqsı doslıq baylanıstı ko'riwge boladı.

Sonday-aq arallılar dep atalatug'ın Qon'ırat o'zbeklerinin' arasınan shıqqan baqsılar Qutım onın' sha'kirtleri Jan'abay, Orınbay o'zlerin qaraqalpaq baqsıları sıpatında sanap "Go'rug'lı" ha'm basqada da'stanlardın' qaraqalpaq versiyasının' payda bolıwında belgili orın tutadı.

Qırmanda'linin' Amet baqsı Tariyxovtan, Ma'direyim baqsı Matchanovtan, Bekmurat baqsı Jumaniyazovtan da'stannın' u'shinshi mazmunı ha'm ko'lemi jag'ınan tolıg'raq variyantı ha'm Ma'direyim baqsı Nematullaevtan jazıp alg'an variyantları ilimler akademiyasının' qoljazbalar fondında bar.

Olardan Bekmurat baqsı Jumaniyazovtın' "Qırmanda'li" Narbay Ko'shekenovtan jazıp alıng'an "Ba'zirgen" bo'lomleri o'z aldına kitap bolıp basılıp shıqt a`9u`q jılı.

"Qırmanda'li" nin' tu'rkmenshe ha'm qaraqalpaqsha versiyalarında syujat qurlısında o'zgeshelikler bar. Qaraqalpaqsha versiyasında Go'rug'lı Ayshıq pirden qaytadı da kiyingi waqıyalarg'a aralaspaydı. Al tu'rkmenshede Go'rug'lı unamlı is isleydi, pirdin' tu'sin basqa sha'kirtlerine qarag'anda durısraq jorıydı..

Qaraqalpaq versiyası boyınsha Ashıq Aydın pirdi Arsılanbay quwıp jibergende onın' aldınan Rum patshası shıg'ıp , maqseti orınlansa, al tu'rkmenshe versiyasında Ashıq Aydın pir Go'r ug'lının' tu'sine kiredi. Go'ug'lı izlep Rum sha'ha'rine kelip Asgıq Aydın pirdin' Qarmanda'lini alıp qaytıwına ja'rdem etedi.

"Qırmanda'li" degi qosıqlardın' qaqra so'z o'zgesheliklerinin' geypara epizod waqıyalardın' qurılıwında qaraqalpaq versiyasında ayrıqshalıqlardın' bolıwı ha'reketleri.

"Qurmanda'li" nin' o'zbekshe variyantı qaraqalpaq, tu'rkmen variyantlarına ju'da' jaqın. Bunın' sebebi tuwısqan xalıqlardın' teretoriyalıq

jaqınlıg’ı menen , olardın’ arasınan shıqqan ha’m talantlı baqsılardın’ o’z ara tvorchestvalıq baylanısta bolıwında.

Al Azerbayjan versiyasında qaraqalpaqsha, o’zbekshe, tu’rkmenshe variyantlarına bas betinde uqsaslıq bolsada keyingi jaqları pitkilley basqasha bolıp ketedi.

“Qurmanda’li” da’stanının’ a’hmiyeti bahalılıg’ı ba’rinen burın sheshenliktin’ a’hmiyetin birinshi da’rejege qoyıwı menen xarakterlenedi.

Da’standag’ı qızdın’ kuyew tın’law motive qaraqalpaq qaxarmanlıq da’stanlarına xarakterli syujetlik liniyalardan esaplanadı.

“Qırmanda’li” da’stanında palwan qız teması-da belgili orın iyeleydi. “Qırmanda’li” barlıq qosıqlar qaraqalpaq xalıq namalarına salınıp baqsılar da’standag’ı syujetke, waqıyag’a qaray, namalardı durıs tan’lap yosh penen u’lken ko’terin’kilik penen berilip aytadı.

Mısalg’a : “Barda mamajan xabar ber”
“ Qırmanda’li kelsin dedi”
“Bizge sa’wer yardan xabar kelipti”
“Alsan’ na’siyxatım ketme “Go’rug’lı”
“ Nazlı yar suw ber isheli” aytısı
“Ba’lent dag’dan ashıp keldim”
“ Mu’ba’rek jamalın ko’rmege keldim”
“Bu’gin bizdi azat aylen’ periler”
“Yuzi nurlı, tili sa’nli keldi”
“ Qaram ug’lan bag’ sa’yline keldi”
“Sho’kir eteyin allag’a, bir yara ko’zim tu’sti”

t.b. qosıqlardı baqsılar qosıqtın’ ma’nisine qaray xalıq namalarına sheberlik penen salıp ol qosıqlardı xalıqtın’ su’yilkli qosıqlarına aylandıradı.

Mısalg’a:

Xoja bag’man, Sayattın, A’zizim, Go’rqız, Ilg’al, Ken’es, sanalı keldi, t.b. belgili qaraqalpaq xalıq namalarına salıp aytıladı.

“Sanalı keldi” naması usı “Qırmanda’li” da’stanındag’ı qosıqqa do’regen nama ekenligin atap o’tiw orınlı boladı.

Esketiw: “Qırmanda’li” da’stanındag’ı qosıqlardı belgili qaraqalpaq baqsılarının’ atqarıwında magnit plenkasında tın’latıw, duwtar a’sbabında baqsı jolı menen shertip beriw menen leksiya tolıqtırıladı.

Lektor: Ko’shkinbay Asqarov.

# a`q-TEMA “Buxaraları qaraqalpaq jıraw-baqsıları”

Lektsiya jobası

1. “Joqarg’ı qaraqalpaq jırawları”
2. Buxaralı Shankot jıraw, jırawshılıq o’neri
3. Buxaralı qaraqalpaq jırawları menen Qaraqalpaqstanlı jırawlardın’ qarım-qatnası
4. Buxaralı Bekmurat jırawdın’ jırawshılıq o’neri, xalıqqa islegen xızmeti.

n` saat

A’debiyatlar:

a`. Q.Maqsetov “Qaraqalpaq jıraw baqsıları”
g`. Q.Ayımbetov “Xalıq danalıg’ı”
q. M.Jiemuratov Jıraw namaları
n`. A.Xalimov Qaraqalpaq xalıq qosıqları

Lektor “Muzika a’sbabları” kafedrasının’ dotsenti K.Asqarov

## Joqarı qaraqalpaq jırawları

O’zbekistannın’ Qoqan, Balıqshı, Dangara, Nurata, Balangır, Janabay, Kenimex, Baysın rayonlarındag’ı ken’ dalanlıqtı a’zeldenaq qaraqalpaqlar ma’ka’n etkenligi jo’ninde ko’p g’ana mag’lumatlar bar. Ha’zirde ol jerde qaraqalpaqlar jasap kelmekte.

Bul jerde burınnan otırıqlı bolıp jasap kelgenligi de tariyxtan belgili.

Usı qalın el a’tirapında jırawshılıq o’nerine qızıg’ıwshılıq ku’sheyip, atqarıwshılar menen birge tın’lawshılarının’ say kelip, birin-biri qollap-quwatlawdın’ na’tiyjesinde jırawshılıq o’neri ken’nen rawajlang’an.

Bul jerde Jiyen (mu’yten) , Aytuwar ha’m Qabıl (qayshılı), Qulmurat (mu’yten), Shankot (Shanqay) , Mang’ıt urıwı oymawıt tiyresinen, Erbol ha’m Bekmurat (Keneges), Allanazar (ayıllı), Ferg’analı Bo’ribay ha’m Seytmurat pana (kepe), Qazaqbay (anna), tag’ıda basqa

bir neshe onlag'an qaraqalpaq jırawları o'z o'nerlerin en jaydırıwg'a mu'mkinshilik tapqan.

Solardan en' ko'p sha'kirt tayarlag'an ha'm repertuarının' baylıg'ı, a'sirese Jiyen jırawdan keyingi "Qırıq qız" da'stanın en' jaqsı

atqarıwshısı jag'ınan Shankot jıraw ayrıqsha ko'zge tu'sedi. Ol improvezator jıraw bolg'an. Onın' atına baylanıslı "Shankotnama" degen nama bar.

Shankot jırawdın' tuwılıp o'sken jeri ha'zirgi Samarqand, Nawayı oblastına Nurata, Buxara oblastının' Kenimex rayonlarının' a'tirapı. Onın' jasag'an da'wiri shama menen XIX a'sirdin' ortalarına tuwrı keledi.

Shankot jırawdın' laqabı, ras atı Dosmuxammed.

Shankot jasınan shoq bala bolg'an, o'zinin' u'lken ag'ası menen diyxanshılıq qılg'an. Ol jaslayınan qosıqtı jaqsı aytatug'ın bolg'an. U'lken ag'ası Shankottın' qosıq aytqandag'ı dawsının' sulıwlıg'ına xayran qalıp Shankottın' jıraw bolıp jetilsiwine ken'nen mu'mkinshilik tuwdıradı.

Shankottın' qanday jırawdan qanday da'stanlardı u'yrengenligi tuwrısında tolıq mag'lumat joq.

Sha'kirtlerinin''' atqarg'an da'stanları "Alpamıs", "Er Axmad ha'm Ernazar", "Go'rug'lının' tuwılıwı", "Ku'ntug'mısh", "Ma'lika ayayar", "Tolıbay sınshı", "Shiyrın Sheker", "A'wezxan", "Da'llayım", da'stanlarınan Shankotte usı da'stanlardı aytqan ha'm basqada ko'plegen da'stanlardı atqarg'an bolıwı kerek.

Shankot jırawdın' basqa sol jerdegi jırawlardan o'zgesheligi ol Laqay (kishkene bala duwtarg'a usag'an saz a'sbabı, perdesi joq, eki tarı bar) a'sbabı menen emes al qaraqalpaqtın' qobızı menen aytqan.

Shankot o'z da'wirindegi ku'shliligi jag'ınan aytqıshlıg'ı jag'ınan en' iri jırawlardan esaplang'an. Ol ko'binese iri toylarda a'sirese bay adamlardın' toylarında ko'p aytqan. Sonlıqtan onın' mınanday so'zleri elege shekem el arasında saqlang'an.

"Menin' atım Shankot baqshı"
Bir so'zim bar so'zden yaqshı
Menin' ha'wijim sonda keler,
Qoyıw bolsa kimnin' ashı

Shankot imprevizator jıraw ha'm shayırda bolg'an. Ol Qulmambet degen baydın' toyında jırlag'an. Bay onın' miynetin durıs bahalamag'an. Sonda jırawdın':

"Qulmambet bayda jıraw ayttım"
Qolıma berdi bes ten'ge
Ba'ri biraq saraqsı (qarapul)
Munday jırawlıq qılg'annan

Jırawlıq etpegen yaqshı-degenin'
esitip Shankottı qayttan shaqırıp ayttırıp at, ton, sarpay jawıp, qolına a`00-ten'ge berip qaytaradı.

Shankottın' zamanında Qarajan degen qaraqshı o'tken. Ol bay adamlardın' malın urlap, jılqıların aydag'an.

Usı Qarajan qaraqshı bir ziyapatına Shankottı shaqıradı. Jaqsı jırlag'anı ushın Qarajan baylardanda ko'p bayraq, astına jorg'a, u'stine ton berip ko'p du'nya mal menen qaytaradı.

Shankot "Jurt aytadı Qaramandı krı dep
Men aytaman qırıq shiltenin' biri" dep degen.

Shankot ko'p g'ana toy merekelerdi sawg'an. Ko'plegen ha'r jag'dayda, ha'r qıylı adamlardı ko'rgen, xalıq turmısınan shette bolmag'an.

Ullı jırawdın' sha'kirt tayarlaw isi onın' tvorchestvası menen bekkem batlanısqan. Sha'kirtlerdin' ko'p bolıwı onın' jırawdın' da'rejesine baylanıslı bolg'an.

Shankottın' Eshmurat ha'm Qurbanbay jıraw degen sha'kirtleri de bolg'an. (Qurbanbay bizin' Qurbanbay jıraw Ta'jibaev emes, basqa) Kenimexli jıraw Shankottın' sha'kirtlerinin' ishinde Qurbanbay shala jıraw dep esaplang'an. Ol xaqqında an'ız da bar.

"Shankot Qurbanbaydı qasına eritip, ko'p toy merekelerdi atqarg'anda, Shankot qızg'an waqtında ko'zdi jumıp aytadı eken, a'sirese aqshamda dawısı ayrıqsha tu'r aladı eken, yarım aqshamnan kiying'i qudretli dawıstın' sırın belgisi kelip Qurbanbay sha'kirt, ustazınan bunın' sırın sorap qoymag'an.

Shankot sha'kirti Qurbanbaydı sorap qoymag'an son' sho'lge eritip shıg'ıp sho'lde jırlag'an. Iqlas qoyıp jırlag'anda a'rwaqlar Shankotke ja'rdemge keledi eken, usı saparı da a'rwaqlar kelip eki iyninde eki jılan bolıp ko'ringen. Usını ko'rgen Qurbanbay "Anaw jılan tur g'oy" dep baqırg'an. Usı jaman qa'siyeti ushın Qurbanbaydı jek ko'rip, pa'tiya bermestan Shankot quwıp jibergen, son'ınan "Qurbanbay shala jıraw bolıptı mıs"

Shankot sha;kirtlerine ayrıqsha hu'rmet penen qarag'an, olarg'a mu'mkinshilik tuwdırg'an. Son'ınan ustaz sıpatında atı jayılg'an. Shankottın' sha'kirtleri de biraz shakirt tayarlag'an. Mısalg'a: Qurbanbaydın' o'zi Bekmurat Jorabaevtın' ustazı bolg'an.

Shankot xaıq da'stanlarınan basqa ko'p g'ana terme tolg'awlardı, qosıqlardı, o'zi shıg'arg'an qosıqlardı da aytqan.

A'sirese ol jan'alıq ha'm o'zgeshelik qosıw menen Maqtumqulının' ko'p qosıqların atqarg'an. Mısalı: jırawdın' atına ko'shken "Bolsa" qosıg'ında:

"Bul du'nya o'ter ko'shmeli,

Ha’r kim bashınan keshmeli
Milletli ashıq ishmeli,
Za’ha’rdur sherbeti bolsa
Er jigittin’ bir muradı,

Shaparında atı bolsa
Ag’a inisi say bolıp,
Qayırıg’ı-qanatı bolsa
Ku’nnin’ esabın ay alar,
Bedewdin’ ornın tay alar,
Jigit ha’r jerden jay alar,
Qolda o’ner xatı bolsa

Shankot sawatlı adam bolg’an. Nawayı, Fezuli, Maqtumqulı shıg’armaların oqıg’an.

Buxaralı qaraqalpaq jırawları qaraqalpaq jırawlarının’ ataqlılarınan esaplanadı. “Buxarag’a barıp kelgen jıraw xaqıyqıy qat jıraw esaplanatug’ın edi” dep eske tu’siredi ko’p jırawlar. Qaraqalpaqstan teretoeiyasındag’ı Buxaradag’I qaraqalpaq jırawları menen tıg’ız qarım-qatnasta bolg’an. Ko’bisi Buxaralı jırawlarg’a barıp o’zlerinin’ jırawshılıq sheberligin artırrg’an repertuarların jan’alag’an, bayıtqan.

A’sirese Buxaralı jırawlarnan Shankottın’ atı ken’nen ma’lim. Ko’p g’ana terme-tolg’awlarda, da’stanlarda Shankottın’ atı atalıp, onın’ jırlandı jırawdın’ atı menen ataladı.

Mısalı: “Shankot nama” dep to’mendeg’i termini aytıladı.

“Shankot nama” ( so’zi, sazı Shankottiki)
Xey yaranlar musılmanlar
Qa’terde ju’rgen ka’rwanlar
Tag’I rawan jol dep yıg’lar,
Xannan inam alg’anlar,
Jurt u’stinde palwanlar,
Ullı bayram toy dep yıg’lar
Totı –day qara ko’zliler,
Shekerden shiyrin so’zliler,
Qag’azdan yuqa yuzleri,
El qıdırg’an goshshaq jigit
Bir-bir sa’wer yar dep yıg’ılar,
O’tken o’mir xor dep yıg’lar.

Shankotnamanın’ sazında-so’zinde aynıtppastan qaraqalpaq jırawlarınan: O’teniyaz jıraw, Nurabulla jıraw, Qurbanbay jıraw x.t.basqada qaraqalpaq jırawları aytıp kelgen. Bul nama Qaraqalpaqstang’a da Buxaralı qaraqalpaq jırawlarıda ken’nen tarag’an.

Shankot qaraqalpaq xalqının’ en’ u’lken jırawı.

Buxaradag’ı qaraqalpaq jıraw baqsıları tek qaraqalpaq xalqının’ poeziyasın, da’stan, qosıq, terme-tolg’awların bilip qoymastan qon’ısı o’zbek xalqının’da poeziyasın teren’ o’zlestirgen.

Buxaralı qaraqalpaq jırawlarına o’zbek tilinin’ ta’siri ku’sheydi olar jırlag’anda qaraqalpaqsha, o’zbekshe so’zlerdi aralastırıp jiberedi, sonday aq qazaq tilinin’ ta’siri de tiygen. Bular a’pwayı jay so’ylewde praktikalıq ta’siyrin tiygizgen menen xalıq poeziyasın da’stan, qosıqlardı jırlag’anda elestilerlik emes.

Son’g’ı waqıtlarda Buxara qaraqalpaqlarının’ arasına ken’nen ma’lim bolg’an jıraw Bekmurat Jorabaev bolıp tabıladı. Ol a`h9a`-jılı Nurata rayonının’ Qotır qıshlaq degen jerinde tuwıladı. Bekmurat jıraw o’z o’mrinin’ ko’pshiligin “Qırıq qudıq” degen jerinde o’tkeredi. Bekmurattın’ ustazı Shankot jırawdın’ sha’kirti Qurban jıraw boladı.

Bekmurat jıraw jasınan jırawshılıq ete baslaydı. Ol “Alpamıs”, “Er Axmet ha’m Ernazar”, “Go’rug’lının’ tuwılıwı”. “Ku’ntug’mish”, “Ma’lika ayayar”, “Tolıbay sınshı”, “Shiyrin sheker”, “A’wezxan”, “Da’lli-ayım”, da’stanların jırlag’an.

Buxara baqsıları o’zlerinin’ repertuarın bizlerdegi qobız emes “Lakay” dep atalatug’ın saz a’sbabı menen jırlaydı. Lakay (ha’zirgi dombıra dep ataladı) bizlerde kishkene balalarg’a sog’ıp beretug’ın duwtarday eki tarı bar perdesi joq a’sbab.

Perdesi bolmasada shertkende tu’rli namag’a keledi.

Bekmurat jıraw da’slep Nurata rayonının’ a’tirapında baqsıshılıq etken. Ol ko’binese “Alpamıs”, “A’wezxan”, “Shiyrin sheker” da’stanların jırlag’an. Onın’ dawsıda, sazı da jaqsı bolıwı menen shayırlıg’ı basım bolg’an. Xalıq Bekmurat jırawdı qumar etip tın’lag’an.

Ol son’ın ala Nurata, Kenimex, G’ıjdwan, Samarqand, Qızıl tepe, Qarshı rayonlarında jıraqwshılıq etken. Ol a`9qh-n`0 jılları Kattaqorg’an kanalının’ qurlısında qatnasıp, qurlısshılarg’a da’standı jırlap bergen. Yuldash Axunbaev penen tanısqan.

O’zbekstan folklorı Bekmurat jırawdın’ tvorchestvasına ju’da qızıqsınıp onan “Er Axmed ha’m Ernazar”, “Go’rug’lının’ tuwılıwı”, “Ku’ntug’mısh”, “Alpamıs”, t.b. da’stanları jazıp alınadı. Bekmurat so’zinin’ juwapkerligi, sazının’ jaqsılıg’ı menen hesh kimdi aldına salmag’an. Ol ko’p g’ana o’zbek shayırları menen aytısqan, olardan ba’lent kelgen, jen’ip shıqqan. Og’an O’zbekstan Xalıq shayırı degen hu’rmetli ataq berilgen.

Ol O’zbekstan jazıwshılar soyuzının’ ag’zası bolg’an. Onın’ shıg’arg’an qosıqları O’zbekstan oraylıq gazeta jurnallarında basılıp turg’an. Ol o’zinin’ o’mir bayanın so’z etetug’ın “Dombar” qosıg’ında:

“Dombar men da’wralardı chapqan,
Aziz u’lpetlerdin’ kewilin tapqanman

Dushmmanlar ko’ksine otlar yaqqanman
Dushmanlarg’a nayza bolg’an dambar”

Jıraw “dombar” qosıg’ın urıs jıllarında xalıq arasında ko’p aytqan.

Ol o’zinin’ basqada shıg’armaların xalıq arasında taratqan.

Bekmurat jıraw ha’r toyg’a, ziyapatqa kelgenda da’slep da’stannan burın terme-tolg’awlardı, o’zinin’ qosıqların xalıq qosıqların, burıng’ı jırawlardın’ qosıqların ha’m Maqtumqulının’ shıg’armalarının’ o’zlestirilgen tu’rlerin aytatug’ın bolg’an.

Bekmurat jıraw tvorchestvası Shankot jıraw traditsiyası tiykarında rawajlanıw menen birge, sol a’tirapta jasap atırg’an o’zbek baqsılarının’ da ta’siri ku’shli bolg’an, bul qospalılıq Buxaradag’ı qaraqalpaqlardın’ teretoriyalıq , etnografiyalıq, tiline de ha’m basqada o’zgesheliklerine baylanıslı.

Bekmurat jıraw aytıp otırg’an tın’lawshılardın’ milliy o’zgesheliklerine qaray aytqan o’zbekler ko’p bolsa o’zbekshe, qaraqalpaqlar ha’m qazaqlar ko’p bolsa solardın’ tilinde o’zgesheliklerine biyimlengen.

Bekmurat jıraw-iri tolg’awlı, eki iyninde eki adam otırg’anday tulg’ag’a iye bolg’an. Onı “bekmurat palwan” dep te atag’an.

Ol ko’binese qobızda sazdı tın’lawshı qaysı milletke ma’nsip bolsa sol millettin’ sazına, namasına turlag’anda.

Sonın’ ushında Bekmurat jıraw o’zbek, qaraqalpaq, qazaq, tu’rkmen xalıqları arasında dan’q taratqan.

Ol geyde qobız, geyde lakay shertip jırlag’an.

Bekmurat jıraw a`9o`o`- jılı qaytıs boladı. Onın’ esteligi Samarqandtag’I jıraw baqsılardın’ alleyasında ornatılg’an.

Eskertiw: Lektsiya jıraw namaların magnit lentasında tın’law ha’m saz a’sbabında shertip beriw menen tolıqtırıladı.

Lektor: dotsent K.Asqarov.

## a`n` TEMA **“Qıssaxanlar ha’m qosıqshılar”**

Lektsiya jobası

a`. Qıssaxanlıqtın’ rawajlanıwı
g`. Qaraqalpaq qıssaxan shayırları
q. Qıssaxanlardın’ repertuarları, aytıs, maqtaw janrı
n`. Qosıqshılar

Adebiyatlar:

a`.Q.Ayımbetov “Xalıq danalıg’ı”
g`. G.Shafrannikov “Karakalpakskiye narodnıye pesni”
q. A.Xalimov Qaraqalpaq xalıq qosıqları
n`. Qaraqalpaq xalıq folklorı tom X

Lektor “Muzika a’spabları” kafedrasının’ dotsenti K.Asqarov

a`. Qıssaxanlar menen qosıqshılar qaraqalpaq xalıq jırshılarının’ bir toparına kiredi. Olar el aralap, basılg’an kitaplardı oqıp ha’m shayırlardın’ shıg’arg’an maqtawların, ta’riplerin, aytısların ha’m xalıq qosıqların dawısqa salıp aytıp ko’pshilikke tamasha beretug’ın, saz o’nerinin’ iyesi xalıq jırshılarının’ biri xalıqtın’ qıssaxan ha’m qosıqshıları boladı.

Qıssaxanlar qaraqalpaqlarda jırawlar menen baqsılardan keyin yag’nıy jazıw o’nerinen keyin payda bolg’an so’z o’nerinin’ sheberleri. Bul arapsha “Qıssa” (povest) parıssha kvan (xan) degen eki so’zden quralıp “qıssaxan” bolg’an “Kvan” “oqıw” yaki oqıwshı ma’nisinde.

Mısalı: Gazetxan gazeta oqıwshı, A’zeyimxan, palkerlik qılıwshı.

Sazende-saz shertiwshi, goende-qosıq aytıwshı, sazende-goendeler yag’nıy saz shertip qosıq aytıwdı ka’sip qılıwshı adamlar degen so’z..

Demek Qıssaxan kitap oqıp ka’sip qılıwshı adamlar degen so’z. Al qıssa so’zi arabsha ma’nisi a’ngimeni waqıyanı so’ylep berilgen ma’nisine iye boladı.

Qaraqalpaq qıssaxanları qıssanı oqıy baslag’anda qıssaxan qara so’zi-nasırın “al qıssa” dep baslaydı demek mınaw aytatug’ın so’zdin’ ma’nisi degende tu’sindirmekshi boladı. Ha’zirgi waqları qıssaxanlar

qıssa oqıg'anda "Alqıssa" so'zinin' ornına "al-g'a'rez" degen so'z benen almastırg'an.

Qıssaxanlıq o'neri Orta Aziya xalıqlarına ko'p zamanlar bolg'an. Bug'an da'lil o'zbek a'debiyatının' klassiklerinin' wa'kili Zaxritdin Muxamed Babur (a`n`q0-a`n`hq) zamanında qıssaxannın' bolg'anı ma'lim.

Qıssaxan so'zin Nawayının' shıg'armalarında ushıratıwg'a boladı.

Mısalı:

Bul a'jayıb kim alar dagi deydi
Qıssaxan qızları magar deydilar

Bul qıssaxan o'neri qaraqalpaqlarg'a son' taralg'an. Ko'binese qıssaxanlar eski din mektebinde oqıp sawat ashqan dawsı jaqsı oqıwshılardın' ishinen shıqqan. Eski diniy mekteplerde a'sebiyat sabag'ı en' aldın burın sha'rayattı propaganda qılıwshı Sufi Allayardın' mistikalıq edeyadag'ı shıg'armasınan baslag'an. Bul xaqqında Orta Aziyanın' tariyxın teksergen professor P.P. Ivanov bılay dep jazadı.

"Shayırlardın' ishinde o'z shıg'armasın diniy syujetke qurg'an Sufi Allayar bolıp esaplanadı. Ol Kattaqurg'anda tuwılg'an (a`wqq) jılı qaytıs bolg'an. Onın' qosıqları ko'p taralg'an. Sufi Allayar o'zinin' qosıqlarına tek g'ana mistikalıq filosofiyalıq tus Bergen, islamnın' dogmatikasına su'yengen. P.P Ivanov "Ocherki iz Sredniy Aziy" Moskva a`9o`h str.g`a`9

Q.Ayımbetov "Xalıq danalıg'ı" No'kis a`9hhj. a`n`h bet.

Eski qaraqalpaq din mekteplerinde a'debiyat sabag'ında Sufiy Allayardın' kitabı ko'p oqıtılg'an. Bul kitap eski til bolsada tu'rkiy bolg'anı ushın arabshadan tu'sinikli bolg'anlıqtan balalar az-azlap xat tanıy baslag'an.

Mine bulardın' ishinen toy merekelerde qıssa kitabın oqıp beretug'ın balalar shıqqan. Qıssaxanlar da o'zlerine sha'kirtler tayarlag'an.

Geybir ataqlı qıssaxanlar sha'kirtlerin eritip sha'kirtler mektebinen birge dawıs qosıp qıssa oqıg'an. Bulardın' qıssa qosıwı kolliktiv xorg'a usag'an.

Qıssaxanlarda jıraw baqsılarg'a usap gey birewleri qıssanın' tek g'ana o'zin oqıp ju'rse, gey birewleri, talantlıları o'z yadınan qosıp shıg'arıp aytatug'ın bolg'an. Al qıssaxannın' bunday tu'rlerin son'ın ala shayır dep Bergen. Qaraqalpaqlardın' ko'p shayırları mısalı Qazaqbay, Ayapbergen, Qorazbek shayır, Ram shayır usag'an shayırlar o'zinin' shayırlıq o'nerin en' aldın qıssaxanlıqtan baslag'an.

Ataqlı qaraqalpaq shayırı Abbaz Dabılov Shımbay qalsında ataqlı qıssaxan bolg'an Qa'wender baladan u'yrengen.

Qıssaxanlardın’ repertuarları basılıp shıqqan qıssa kitaplarınan basqa xalıq shayırlarının’ shıg’armalarının’ yag’nıy a’debiyattag’ı aytısı janrları menen maqtaw janrları-qıssaxanlardın’ turaqlı repertuarları bolg’an.

A’debiyattın’ maqtaw janrı qıssaxanlardın’ su’yip aytıp, oqıp beretug’ın turaqlı repertuarı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq awız a’debiyatındag’ı bir ayrıqshalıq so’z ku’shi menen jurttan sheshendi, xalıqtı basqarg’an basshını, bayraqtan ozg’an ju’yrikti, gu’reste jıqqan palwandı, jurttan shıqqan sulıwdı maqtaw burınnan kiyatırg’an da’stu’r bolg’an.

Xalıq shayırları o’zi jasag’an da’wirdegi xalıq penen birge quwanıp ko’rkemlik maqtanıshqa o’zinin’ qatnasın bildirip shıg’armalar do’retken.

Xalıq shayırları maqtaw janrın (ta’rip) jetildirip joqarı da’rejege jetkerip, rawajlandırg’an.

Xalıqtın’ awız a’debiyatında jan’a tu’sken kelindi ha’m sulıwdı maqtag’an mınaday qatarlar bar.

“U’yden shıqtın’ quman alıp,
Eki betin’ gu’l-gu’l janıp
Qarshıg’aday qıyallanıp
Sallang’an kimnin’ yarısan”

O’tken da’wirde xalıq so’z o’nerinin’ ruwxıy azıq ekenin tu’singen “Jaqsı so’z jan azıg’ı”, “Jaqsı so’zge jan semiredi” degen xalıq naqılları bul jag’daydın’ tolıq da’lili bola aladı.

Maqtaw so’zlerdi ha’tteki da’stanlardag’ı batırlarda ruwxıy azıq dep bilgen. Batırlar qıyın qıstaw jerlerde “Ma’rttin’ joldası at” dep o’zinin’ mingen atına ma’rapat, qoshamet berip maqtag’an qatarlardı ko’riwge boladı.

Mısalg’a: “Alpamıstın’ Bayshubarın”, “Qoblannın’ Torı” atın maqtag’an qoshametlegen qatarlarınan belgili.

Qaraqalpaq da’stanlarındag’I batırlardın’ mingen atın maqtaw, sol da’stanlardag’ı bas qaxarman qızlar ko’rkem so’z ku’shi menen sıpatlanıp, maqtalıp otırıladı.

Mısalg’a: Alpamıs da’stanında Gu’lparshındı mınaday qatarlar arqalı sıpatlap maqtap beredi. “A’shimka’ldin’ maqtawı”

“Qamshı yan’lı barmag’ı
Gu’mis yan’lı tırnag’ı
“Mollag’a barsan’ qa’lem bar
Qa’lemdi ko’rde qasın ko’r,

Shershege barsan’ hinji bar
Hinjini ko’rde tisin ko’r
Qar u’stine qar jawar

Qardı ko’rde etin ko’r,
Qar u’stine qan tamar
Qandı ko’rde betin ko’r

O’tkendegi qaraqalpaq shayırlarının’ maqtaw jazbag’ı az. O’tesh, Omar shayırlardın’da shıg’armalarında qızlardı maqtaw shıg’armalarına u’lgi bola aladı.

Ku’ygelek kibi ko’zleri
Hu’r kibi ba’ha’r ju’zleri
Shiyrinnen sheker so’zleri
Gu’lziba qız gu’l yan’lıdı.

A’jeniyaz shayırdın’ “Ellerim bardı” qosıg’ında qaraqalpaq alin maqtawı, qaraqalpaq qızların maqtap jazg’an “Qırmızı, sadag’a Qatsha, Bir pa’ri, Go’zzallar, atlı qosıqları maqtaw janrının’ en’ u’lgililerinen esaplanadı.

O’tkendegi xalıq ishindegi shayırladın’ jazg’an maqtawları qıssaxanlardın’ negizgi repertuarı bolsa, al qıssaxanlıq penen shug’ıllang’an shayırlar a’dep qıssaxan bolg’an. Son’ınan shayırlıq da’rejesine jetisip, olar qıssaxanlar repertuarı ushın g’ana shıg’arma jazg’an shayırlar.

Qorazbek shayır (a`ho`o`-a`9a`0) Qorazbek shayır Razbek ulı ku’shli lirik shayır bolg’an. Ol qaraqalpaqlardın’ ha’m basqada xalıqlardın’ sulıw qızların maqtag’an, olardın’ ha’reketin ta’riplep jazg’an qg`h-qatardan ibarat maqtaw “ta’rip” dep atalg’an shıg’arması a`9qq jıl ataqlı qaraqalpaq shayırı Abbaz Dabılavtan jazıp alg’an. Bul “ta’tip” ti barlıq qıssaxanlar toy merekelerde oqıg’an. Qorazbek shayır Berdaq shayırdın’ tuwısqanı yag’nıy G’arg’abaydın’ burıng’ı o’lgen hayalının’ balası Nurmaqtın’ Qorazbek, Orazbek degen eki balasının’ biri. Onın’ Qorazbek degen balası xat tanıg’an molla boladı. Ol Berdaq penen birge Aral ten’izinin’ tu’slik ta’repinde “Gedey”, “Aq qala”, Aq dariya boylarında o’mir su’redi. Berdaqtın’ shıg’armalarının’ xat ju’zine tu’siniwi Qorazbek shayır ja’rdem etedi. Qorazbek shayır Tu’rkmenstannın’ tu’slik ta’repi Gu’gen da’riyasına jaqın jerde a`90u`-a`0 jılları qaytıs boladı.

Qorazbek shayır qaraqalpaq ruwlarının’ ha’r qaysısın bilip maqtag’an, sulıw qatarlar do’retken. Mısalı:

Shashı suw tu’bine qundız,
Sham shıraqtay ko’zi juldız

Janında basqa qızıw ka’niz
Qıtay menen Qıpıshaqtada

Tu’rmesi tilla shaqlı
Shashag’ı hinji monshaqlı

Uzın boylı ken’ qushaqlı
Quwanısh jarma boyında

Qorazbek shayır o’zinin’ a’debiy laqabın molla G’a’rip dep atag’an.

Mine usı da’stu’r boyınsha onnan son’g’ı o’tken Ayapbergen shayırda o’zinin’ a’debiy laqabın “G’a’rip” dep ju’rgizgen.

Qorazbek shayır a’debiyattın’ maqtaw janrın o’sirgen shayırdın’ biri.

Qorazbek shayır qıssaxanlar ushın u’lken repertuar bergen, maqtaw janrın ken’eytken ataqlı shayır dep ataydı.

Qazı Maa’wlik (a`hho`-a`9o`0)j. Qazı Ma’wlik Bekmuxammed ulı Buxara medresesinde oqıp bilim alg’an, xat sawatlı adam bolg’an. Onın’ barlıq shıg’armaları derlik qıssaxanlar ushın repertuar bolg’an. Shımbay qalasın bılay maqtaydı.

Ey yaranlar, endi bir baylayın
Esitsen’iz ta’ripini Shımbaydın’
Ba’rshe qız jawanlar waqtın xoshlayın
Bir bayan a’yleyin elin Shımbaydın’

Qazı Ma’wlik qosıqlarının’ ko’bin qızlardı maqtawg’a arnalg’an.

Ha’zirgi zaman xalıq shayırları da qızlardı maqtap ko’p jazadı. Mısalı xalıq shayırı Ayapbergen Musaev “Gu’lha’sen” degen qızdı bılayınsha maqtaydı.

Ta’rip etsem ol dilbardı,
Shashları su’mbil yan’lıdı,
Pa’him a’ylesen’ nazik beli
Bag’ ishinde nur yan’lıdı.

Barlıq qıssaxanlar Qazı Ma’wlikke degen hu’rmet penen qarag’an.

Belgili Qazaqbay shayır menen Abbaz shayır Qazı Ma’wliktin’ shıg’armaların uzaq waqıt oqıp ju’rgen.

Qazı Ma’wliktin’ shıg’armaların mereke toylarda qıssa jolına salıp oqıp bergeni arqalı, Qa’wender degen qıssaxannın’ dan’qı ko’p jerge jayılg’an.

Qa’wender bala Xojaniyaz ulı a`h9u`-a`9a`w j ko’p qıssaxanlarg’a ustazlıq etken. Xalıq shayırı Abbaz Dabılovta “Qa’wenderdin’ izine erip ju’rip qıssa oqıw o’nerin u’yrendim” deydi.

a`9a`w-jılı Qa’wenderdi tu’rkmen baspashıları Shımbay qalasında atıp o’ltirip ketti. Qız jigitler Qa’wenderdi sonsheli jaqsı ko’rgen. Onı baspashılar o’ltirip ketkennen keyin qosıq qılıp jırlag’an.

G’awasha payadan paya bolarma,
Basına telpegin’ saya bolarma,

Qashları qıyılg'an qa'wender bala
Dushpannın' og'ınan zaya bolarma.

Qazı Ma'wlik "G'a'rip ashıq" da'stanın qayta islep jetilstirip, tolıqtırıp jazıp shıg'ardı.

Ol Shımbay qalasında kitap du'kanın ashtı. Ol sawatlı adam bolg'anlıqtan Shımbayda qazı bolg'an. A'debiyattı taratıwda xızmeti u'lken bolg'an.

Ram shayır Arzıw ulı (a`h9h-a`9u`0) Kegeyli rayonının' Jan'a bazaar a'tirapında tuwılg'an.

Eski mektepte oqıp bilim aladı, son'ınan mug'allimler kursında oqıp a`9g`h-g`w jılları pedogogikalıq bilim aladı. Mug'allim boladı. "G'a'rip ashıq", "A'wezxan", "Yusup Axmet" ha'm qazaqsha "Gulshara", "Maxmutjan", "Tawdı tastı jel buzar" degen qıssa kitaplardı da oqıydı.

Ram shayır yumor satiralıq ko'plegen qosıqlar jazadı a`9g`h- jılı Sadıq shayır menen aytısıp Sadıq shayırdan jen'iledi. Sonnan keyin Ram shayır qosıq jazıwdı qoyadı. Negizgi ka'sibi qıssaxanlıq boladı.

Qazaqbay shayır (a`hh0-a`9n`u`) Aral ten'izinin' tu'slik ta'repi Egiz qum degen jerde ma'kan etken. Ol ko'plegen qıssalardı oqıg'an. Yumor satiralıq qosıqlar jazg'an.

"Suwpı" degen qosıg'ında :

Xalaqanı uzın taslap,
A'depki oeyildi baslap
Pes xalıqtı o'zin baslap,
Pirden qaytıp ju'rme suwpı"

Qazaqbay shayır el aralag'an ataqlı qıssaxanlardın' biri bolg'an.

Qazaqbay shayırdın' negizgi ka'sibi qıssaxanlıq bolg'an, onın' u'stine ol o'zine basqa shayırlardın' qıssaxanlar ushın jazg'an qosıqların oqıp xalıq arasına taratıwshıda. Ol Abbaz shayır menen birge Qıssaxan Qa'wender balag'a qıssaxanlıq o'nerin u'yreniw ushın erip ju'rgen a`9a`h-g`0 jıllardag'ı tariyxıy waqıyalarg'a arnap "Shımbay pristavının' o'liwi, Muzappat kelgende, Yaumıt kelgende, Shımbayda bolg'an urıs, Moynaqta bolg'an urıs " usag'an qosıqlar.

## Qpsıqshılar

Qosıqshılar baqsı jıraw joq jerlerde ko'pshiliktin' sorawı boyınsha qosıq aytıwshı balalar qolında sazı bolmasada o'zinin' dawısı menen qosıq aytıp mereke atqaradı. Bulardın' qosıq aytqanı ushın ko'pshilik ta'repinen berilgen sıylıq "Oramal" bolıp ataladı.

Aytqısh qosıqshılar jıraw baqsılar qatarında u'lken hu'rmmetke iye bolg'an.

Xayit, merekelerde qosıqshı balalar qızlar menen arbanın' altaqtasına minip qosıq aytqan.

Qosıqshılardın' aytatug'an qosıqları qısqa-qısqa shuwmaklardan turadı.

Qosıqshılardın’ do’retken namaları baqsı-jıraw namalarının’ qatarında muzika ma’deniyatına o’z ja’rdemin tiygizedi.

Geybir shayır qosıqshılarda bolg’an. Olar qosıq aytıw menen birge o’zleride qosıq jag’an. Olarg’a: Jan’abay palwan A’wezmurat shayqr, Izbasardı mısal etiwge boladı. Bular qosıq aytıw menen birge qosıq jazg’an, al qıssa oqımag’an.

Jan’abay palwan (a`hhq-a`9g`o`) Jan’abay palwan Qaratay ulı en’ ataqlı palwan bolg’an. Ol ataqlı Qosım palwannın’ aqlıg’ı. “Sag’an kimnin’ so’zi bar Qosım palwan, A’ken’nin’ eki qırlı pıshag’ı bar” degen naqıl elege shekem xalıq awzında saqlang’an. Toiylarda gu’reske tu’sedi. Ataqlı palwan da’rejesine jetisedi, dan’qı pu’tkil Xorezmge jayıladı.

“Aqsu’ngul” qosıg’ında

Aqsu’ngul deydilar senin’ atın’dı,
Qazayaqlı deydiler haslı zatın’dı
Altıng’a qaplayın aytqan ga’pin’di
Mu’barek jammalın ko’rdim Aqsu’ngul

Jan’abay palwannın’ qosıqları: Pa’men qız, Da’rbiyke, Bada qız, Baqqal, Jumamurat Zerger, Qazı Iyshan, x.t.b. qosıqları ko’pshilikke ma’lim.

Jan’abay palwan xalıqtın’ su’ygen palwanı, baqsı ha’m sazende shayır qosıqshısı bolg’an.

Awezmurat shayır (a`hu`h-a`9qh) jay diyxan adam bolg’an. Qosıq shıg’arıp, dawsına salıp aytıp ju’rgen qosıqshı bolg’an. Xojeli menen go’ne Urgench a’tirapında jasag’an.

Izbasar Fazilov (a`90h-a`9qh) Qaramoyın ruwı, sabalaq tiyresinen. Izbasardın’ “Qarako’l” qosıg’ı pu’tkil shopanlardın’, qoyshılardın’ aytatug’ın qosıq repertuarı bolıp taralg’an.

“Qoldawlı Qa’llibek qoyın qara-qoy,
esiginde men bir jetim bala g’oy,
Alg’an menen bayımassan, toymassan’,
Kerek bolsa jartı xaqqımdı alag’oy”

Izbasar Fazilov el arasında jay qosıqshı bolıp ko’zge ko’ringen menen sovet zamanında oqıp sawat ashıp, qaraqalpaq a’debiyatının’ talantlı wa’kili da’rejesine jetisedi.

Eskertiw: Lektsiya qıssa jollarına oqıw, qosıqshılardın’ aytqan xalıq qosıqlarınan aytıp, shertip beriw menen ha’m magnit lentasında tın’latıw menen tolıqtırıladı.